MAJELIS ULAMA' INDONESIA
KABUPATEN GROBOGAN

﴿ خطبة الجمعة الموضوعية ﴾

Nuladhani Sifat Wajib Rosul

إِنَّ الْحَمْدَ للهِ، نَحْمَدُهُ، وَنَسْتَعِيْنُهُ، وَنَسْتَغْفِرُهُ، وَنَعُوْذُ بِهِ مِنْ شُرُوْرِ أَنْفُسِنَا وَمِنْ سَيِّئَاتِ أَعْمَالِنَا، مَنْ يَهْدِهِ اللهُ فَلَا مُضِلَّ لَهُ، وَمَنْ يُضْلِلْ، فَلَا هَادِيَ لَهُ , أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيْكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُه ورَسُولُهُ , اَللَّهُمَّ صَلِّى وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى نَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ وَ عَلَى اَلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَمَنْ تَبِعَهُ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّيْن أَمَّا بَعْدُ. يَاأَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا رَبَّكُمُ الَّذِي خَلَقَكُمْ مِنْ نَفْسٍ وَاحِدَةٍ وَخَلَقَ مِنْهَا زَوْجَهَا وَبَثَّ مِنْهُمَا رِجَالا كَثِيرًا وَنِسَاءً وَاتَّقُوا اللهَ الَّذِي تَسَاءَلُونَ بِهِ وَالأَرْحَامَ إِنَّ اللهُ كَانَ عَلَيْكُمْ رَقِيبًا. أَعُوذُ بِاللهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيْمِ.

Kaum muslimin jema'ah Jum'ah Rohimakumulloh

Mangga kito sesarengan tansah netepi ajrih lan taqwa dateng Alloh SWT, kanthi tansah netepi taat dateng sedoyo perintah lan dawuh-dawuhipun, soho nebihi sedoyo awisanipun. Ampun ngantos kumo wantun nilar kewajiban lan nglirwakaken dawuh-dawuhipun Alloh SWT, lan ugi ampun ngantos kumo wantun nerjang awisanipun Alloh SWT. Wonten ing kawontenan kados menopo kemawon, tansah netepi taqwa lan taat datheng Alloh SWT, supados kito tansah pikantuk rohmat lan kanugerahan, kebahagiaan gesang wonten ngarso dalem Alloh SWT wiwit ing dunyo ngantos dumugi akhirot.

Kaum muslimin jema'ah Jum'ah Rohimakumulloh

Rosulullοh Muhammad SAW nggadhahi sifat-sifat wajib wonten sekawan, inggih puniko *shiddiq, amanah, tabligh, fathonah*. *Shiddiq* artosipun bener utawi jujur amargi Rosulullοh puniko pribadi ingkang mboten nate ghoroh lan doroko, malah sifat-sifat puniko sampun tinanem naliko taksih alit sehinggo ing antawis rencang-rencangipun ajejuluk al Amin. Amanah artosipun ingkang saget dipun percados jalaran punopo kemawon ingkang Rosulullοh aturaken inggih dipun tindakaken. Tabligh artosipun ingkang ngaturaken perkawis ingkang haq, punopo ingkang dipun aturaken mesthi beneripun amergi sumberipun saking Alloh SWT. Fathonah tegesipun limpat, nanging limpatipun mboten dipun ginakaken kangge perkawis-perkawis mungkarot.

Kaum muslimin jema'ah Jum'ah Rohimakumulloh

Wujud nindakaken dhawuhipun Gusti Alloh SWT, inggih puniko kito tansah nuladhani Rosulullοh SAW, jalaran Alloh SWT sampun paring dawuh:



"Satuhune ing ndalem pribadine Rosulullοh puniko manggon suri tauladan kang bagus, kanggo wong-wong kang ngarep-arep rohmate Gusti Alloh SWT, lan marang dino akhir piyambake tansah eling marang Gusti Alloh SWT".

Dawuh puniko saking Gusti Alloh SWT, sanes saking kawulonipun Gusti Alloh SWT, kanthi mekaten dawuh puniko dados dawuh ingkang saestu leresipun lan kedah dipun yakini. Lan mongso sampun buktikaken, bilih Rosulullοh SAW naliko tasih alit dipun cathet dados lare ingkang jujur sehinggo dipun paringi gelar Al Amin. Sak terasipun naliko sampun dewasa lan dipun angkat dados rasul piyambakipun gadhahi sifat-sifat:

1. *SIDDIQ* tegesipun bener lan jujur, sehinggo Rosulullоh dados pribadi ingkang bener lan dipun beneraken pangendikanipun (Siddiq lan shodiqul masduq). Sedoyo pangendikanipun Rasul puniko dipun jagi dening Alloh SWT :



"Lan ora ana pangendikane iku (Alquran) miturut hawa nafsune. Pengendikane iku ora ana liyo kejobo wahyu kang diwahyukake (marang dheweke)". (An-Najm: 3-4).

2. *AMANAH* tegesipun Rosulullоh puniko pribadi ingkang saget dipun percados. Rosul tansah nindakaken hukum-hukum kanthi leres lan pas. Semanten ugi Rosulullоh boten nate cidro ing pengendikanipun. Kados dawuhipun kanjeng nabi piyambak ingkang suraosipu : *"Sopo wonge goroh nganggo jeneng-Ku, mangko siapno panggonane sajerone genine neraka."* (Bukhari, Muslim)
3. *TABLIGH* tegesipun ndugekaken utawi nyebaraken wahyu saking Alloh SWT, boten wonten ingkang dipun umpetaken. Sedoyo wahyu saking Alloh SWT dipun sebaraken dhateng kawulane, minongko pangrembakanipun Islam agami rohamat dhateng sedoyo alam.
4. *FATHONAH* tegesipun wicaksono. Kanthi mekaten Rosulullоh saget mangertosi sedoyo dhawuh-dhawuhipun Gusti Alloh SWT. Semanten ugi saged ngadhepi tiyang tiyang ingkang mungsuhi kanthi tegas lan bukti ingkang jelas.

Kaum muslimin jema'ah Jum'ah Rohimakumulloh

Sifat-sifat Rosul puniko, menawi saget dipun tindakaken dening sedoyo tiyang, yektos badhe nuwuhuken ewah-ewahan ingkang ngedab-edabi, lan akhiripun badhe mujudaken pagesangan ingkang bahagia wiwit dunyo ngantos dumugi akhirot.

Minongko kagem tamsil, kito asring midhangetaken siaran ing TV, radio lan surat kabar, wonten tiyang ingkang nindakaken korupsi, pencurian, perzinaan,

parampokan lan sasanesipun, saksampunipun dipun tuntut wonten pengadilan piyambakipun selak artosipun mboten nate nindakaken pendamelan puniko. Sinaoso sampun wonten saksi, lan bukti-buktinipun anangin tetep selak. Sehinggo kagem kito dados perkawis ingkang samar, sinten ingkang leres lan sinten ingkang lepat. Sinten sejatosipun ingkang lepat, saben tiyang sami paring pembelaan, ingkang penting piyambakipun selamet, mboten dipun ukum lan saterasipun.

Tumindak puniko amargi sampun mboten wonten sifat jujur, mboten wonten sifat amanah, mboten saget matur ingkang hak, mboten nate mikir bilih sedoyo tumindak puniko mboten badhe uwal saking pamirsanipun Gusti Alloh SWT. Sehinggo dados adu domba lan permusuhan ingkang boten wonten akhiripun.

Pramila kito kedhah tansah waspodo bilih sedoyo tumindak awon lan sae, ageng lan alit, nyata lan sirri, sedoyo dipun mangertosi Alloh SWT lan badhe dipun suwuni tanggel jawab dening Alloh SWT. Tiyang badhe saget selamet saking perwakis dunyo ananging hukum akhirot badhe adil lan jujur.

✂ॐ❷↘❶⌧⌘ ☮☐▪❻⬧❶ ♦✌✍⬧◑↙⌖✍👌 ⬀✍⌧☺↙➔♦③ ♊⌧☺⬧▫
♦✌✍⬧◑↙⌖✍👌 ⬀✍⌧☺↙➔♦③ ♊♦👌◆❒ 🖘✍🖈 ⓵🡐■♦❷♦③
🖘✍🖈 ⓵🡐■♦❷♦③ ✂❖❷☒⅄ ▭☐▪❻⬧❶

“Sopo wonge nindakaken kebagusan seumpomo sak bobot dzarroh, yekti dheweke bakal ngrasakake piwalese, lan sapa wonge nindakaken perkoro olo senajan mung sabobote dzarroh, yekti bakal diketokake piwalese.” (QS. Al Zalzalah: 7-8).

Ing ndalem Tafsir Al Maroghi, *dzarroh* inggih puniko semut ingkang paling alit. Sehinggo kadosipun mboten nggadhahi bobot timbangan. Amargi saking ringanipun, ananging sinaoso ringan lan alit sanget, sedoyo tumindakipun manungso badhe dipun konduraken benjang ing dinten kiyamat, amal sae kanthi kamulyan gesang ing Suwargo, lan amal olo dipun wujudaken kanthi sikso wonten ing salebetipun neroko.

Kaum muslimin jema’ah Jum’ah Rohimakumulloh.

Peramilo supados gesang kito tansah pikantuk ridhonipun Gusti Alloh SWT, manggo kito tuladhani sifat-sifat wajib rosul puniko. Awit saking pribadi kito piyambak, *ibda' binnafsi*, kito terasaken dhateng keluargo. InsyaAlloh SWT bangungan mbale griyo ingkang sae badhe mujudaken masyarakat ingkang sae, lan masyarakat ingkang sae badhe nuwuhaken negari ingkang sae. Lan negari ingkang sae badhe pikantuk karidhan saking ngarsa dalem Alloh SWT.



"Lan sekirone penduduk negeri-negeri padho iman lan taqwa, yekti Ingsun (Alloh SWT) bakal maringake barokah songko langit lan bumi, ananging dheweke nggorohake (ayat-ayat Ingsun) iku, mongko Ingsun sikso dheweke mergo tumindakke." (QS. Al A'rof: 96)

Kaum muslimin jema'ah Jum'ah Rohimakumulloh.

Akhiripun mugi-mugi Gusti Alloh SWT tansah paring kekiyatan dhateng kito, saget nuladhani saking sedoyo sifat-sifat ipun Rosul sekawan, sehinggo saget mujudaken pribadi ingkang sae, keluarga ingkang sae, negari ingkang sae, ing akhiripun pikanthuk ridho saking Alloh SWT. Amin.

بَارَكَ اللهُ لِيْ وَلَكُمْ فِيْ الْقُرْآنِ الْعَظِيْمِ، وَنَفَعَنِيْ وَإِيَّاكُمْ مِنَ الْآيَاتِ وَالذِّكْرِ الْحَكِيْمِ، وَتَقَبَّلَ مِنِّي وَمِنْكُمْ تِلَاوَتَهُ إِنَّهُ هُوَ السَّمِيْعُ الْعَلِيْمُ، وَقُلْ رَبِّ اغْفِرْ وَارْحَمْ وَأَنْتَ خَيْرُ الرَّاحِمِيْنَ، وَاسْتَغْفِرُوْا إِنَّهُ هُوَ الْغَفُوْرُ الرَّحِيْمُ